



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON 300 MILYON DOLA NAN
FINANSMAN POU INISYATIV REYIMAJINE KANAL LA**

***Konsèy Otorite Enèji New York la Otorize Tou Finansman 30 Milyon Dola pou
Pwojè Inisyativ la an 2020***

***Inisyativ la Vize Revitalize Koridò Kanal Erie a kòm Premye Destinasyon Touris ak
Rekreyasyon; li Pral Estimile tou Devlopman Ekonomik ak Rezilyans
Anviwònmanal***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Nouvo Konsèy Administrasyon (Board of Trustees) Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la te otorize yon plan finansman sou senk ane pou [Inisyativ Reyimajine Kanal \(Reimagine the Canals Initiative\) la](#), ke yo te premye anonse nan [pwopozisyon](#) Eta Leta 2020 Gouvènè a, ki pral ede etann touris, estimile devlopman ekonomik epi redwi inondasyon nan tout koridò Kanal Erie a.

"Kanal Erie a te transfòme New York nan yon pisans ekonomik nan 19yèm syèk la, epi nan 21yèm syèk la li kapab sèvi ankò kòm yon motè pou kwasans nan tout koridò kanal la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Avèk inisyativ sa a, nou ap onore eritaj kanal la epi asire yon lavni ki trè briyan."

"Kòm yon moun ki pase tan sou Kanal Erie a epi ki vwayaje souvan nan tout kominote yo nan tout bò rivaj li yo, mwen konnen ke inisyativ sa a se yon gwo pa an avan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Bati sou bastyon Kanal la te ye pou Eta nou an pandan dènye 196 ane yo, mwen konvenki ke pi bon jou kanal la ap vini."

Konsèy NYPA a te apwouve tou 30 milyon dola pou finance pwojè inisyativ Reyimajine (Reimagine initiative) yo an 2020 nan kad plan senk ane a, ki vize tou amelyore irigasyon, restore marekaj yo epi etann opòtinite lapèch rekreatif yo.

Pwojè ke yo pral fè avanse avèk finansman inisyativ la gen ladan:

Konekte Kominote Yo: Pwojè ["Brockport Loop"](#) nan Konte Monroe a pral konekte SUNY College nan Brockport ak Empire State Trail la ak vilaj Brockport atravè transfòmasyon yon baryè kanal an yon pon pou pyeton ak panorama

Selebre "Enfrastriki Anblematik": [Entèaktif](#), idwo-elektrik [liiminasyon "baraj mobil" Kanal la](#) - okòmansman nan Amsterdam ak Canajoharie nan vale Mohawk la - ap selebre eritaj ak istwa Kanal la.

Adapte Pwopriyete Endistriyèl pou Nouvo Itilizasyon: Konte Madison pral devlope gànyan konpetisyon *Reyimajine Kanal* yo, [katye pòch bò kanal la](#) nan yon ansyen pwopriyete endistriyèl nan Canastota nan tout Ansyen Kanal Erie a - pou demontre yon modèl jan pou moun viv nan bò Kanal la nan 21yèm syèk la.

Ogmante Rekreyasyon Akwatik yo: Yon nouvo [destinasyon dlo rapid](#), nan ekstremitè nò Lak Cayuga toupren Seneca Falls, pou ogmante ekotouris ak vizitè espò yo nan rejyon an.

Devlope Akomodasyon pou Destinasyon: Guy Park Manor a, sou Rivyè Mohawk la nan Amsterdam, pral renèt ankò kòm yon [destinasyon ospitalite ak rekreyasyon](#). Yon pon pyeton ke yo konstwi atravè yon baryè kanal pral bay aksè nan Empire State Trail la nan lòt bò rivyè a.

NYPA a ap jere New York State Canal Corporation ak Sistèm Kanal Eta a ki totalize 843 kilomèt kòm yon filyal.

Prezidan NYPA, John R. Koelmel te deklare, "Investisman siyifikatif alontèm sa yo pral pèmèt NYPA a ede koridò Kanal Erie a reyalize tout potansyèl li kòm yon destinasyon pou touris ak rekreyasyon epi estimile anplis ekonomi kominote kanal yo. Avèk inisyativ *Reyimajine Kanal* la, nou ap asire yon avni ki plis apwopriye ak dinamik pou wout dlo anblematik New York yo".

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Inisyativ *Reyimajine Kanal* la se yon investisman nan kominote yo nan tout kanal la ki pral bay nouvo itilizasyon kreyatif pou enfrastrikti anblematik nou yo. Nou, avèk patenè kominotè nou yo, ap reyimajine kanal yo pou asire ke yo rezilyan epi ke yo dirab finansyeman pou jenerasyon alavni yo".

Brian U. Stratton, ki se Direktè New York State Canal Corporation lan te deklare, "Plan Gouvènè Cuomo a pou *Reyimajine Kanal* yo pral bay nouvo enèji, antouzyas ak devlopman ekonomik pou koridò kanal la. Aksyon Konsèy la jodi a pou ki apwouve finansman pou nouvo inisyativ sa yo se yon pa pozitif pou Canal Corporation la ak kominote yo ki pral travay ansanm pou rann pwogram sa yo vini yon reyalite. Nou kontan anpil pou kòmanse".

Yo pral finalize detay ak depans pou chak pwojè yo pandan yo ap konesvwa ak devlope yo an kolaborasyon avèk aktè kominotè yo. Nou kapab li [isit la](#) rapò konplè Gwoup Travay sou *Reyimajine Kanal* (Reimagine the Canals Task Force) la, ke yo drese pou prezante rekòmandasyon bay Gouvènè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)